# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–04 अप्रैल 2025 भोजपुरी समाचार

वक्फ संसोधन विधेयक दुइ हजार पचीस संसद से पारित हो गइल। राज्यसभा बारह घंटा के चरचा के बाद एके मंजूरी देहलस। एक सौ अट्ठाइस सदस्य येह विधेयक के पक्ष में अउर पंचानबे सदस्य बिपक्ष में ओट कइलें। लोकसभा में ई विधेयक पहिलहीं पारित हो चुकल हौ।

वक्फ संसोधन विधेयक दुइ हजार पचीस क उद्देस्य बिरासति वाले जगहिनि क संरक्षण अउर सामाजिक कल्याण के बढ़ावा दिहले के प्रावधानन के सथहीं परिसम्पत्तियन क समुचित प्रबंध कइल हौ। विधेयक क उद्देस्य मुसलिम महिला, खास कइ के विधवा अउर तलाकसुदा मेहरारून क आरथिक अउर सामाजिक स्थिति में सुधारो ले आवल हौ।

विधेयक पर चरचा क जबाब देत अल्पसंख्यक कार्य मंत्री किरेन रिजिजू कहलें कि येह अधिनियम से मुस्लिम समुदाय क करोड़ो गरीब लोग लाभ पइहें। उहां के कहलीं कि नरेन्द्र मोदी सरकार सबका साथ–सबका विकास क लक्ष्य के ले के आगे बढ़ि रहलि हौ।

**भारत की जो सरकार है, किसी को धर्म के आधार पर तो आप अपना काम नहीं कर सकते। भारतीय नागरिक होने के नाते सबको एक दृष्टिकोण से हमको देखना होता है, सबको बराबर देखना होता है। जब मोदी जी ने कह दिया कि सबका साथ–सबका विकास, वही तो संविधान का स्पीरिट है।**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ एगो सोसल मीडिया पोस्ट के जरिये विधेयक के पारित भइले पर खुसी जतवले हवें। उहां के कहलीं कि प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के यसस्त्री अगुआई में संसद के दुन्नो सदन में वक्फ संसोधन विधेयक पारित भइले से वक्फ सम्पत्ती अवैध कबजा से मुक्त होई अउर भ्रस्टाचार से मुक्ती मिली।

**********

वक्फ संसोधन बिल पारित भइले अउर जुमा क नमाज के देखत आजु प्रदेस भर में सुरक्षा क कड़ेर इंतिजाम रहल। अजोध्या जिला में टाट शाह मस्जिद में पुरहर सुरक्षा व्यवस्था के बिच्चे नमाज अदा कइल गइल। जौनपुर जिला में ड्रोन कैमरा के मददि से हालति पर नजरि रक्खल गइल। बनारस जिला में पुलिस प्रसासन के ओरि से फ्लैग मार्च कइ के जनता के बिच्चे सुरक्षा क सनेसा दीहल गइल। श्रावस्ती जिला में भारत–नेपाल सीमा पर खास सतर्कता रक्खल गइल।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ  आजु लखनऊ विकास प्राधिकरण क महत्वाकांक्षी अनंत नगर आवासीय योजना के पंजीकरण क सुरूआति कइलें। मोहाना रोड पर सात सौ पचासी एकड़ में फइलल येह योजना क लागत करीब छौ हजार पांच सौ करोड़ रूपिया हौ। येह मौका पर मुख्यमंत्री योजना के लाभ के बारे में जनकारी दिहलें अउर कहलें कि सस्ता आवासीय सुविधा उपलब्ध करावल आजु क जरूरति हौ।

***डेढ़ लाख लोगों को आवासीय सुविधा इसमें मिलेगी। इसमें दस हजार फ्लैट का निर्माण साठ प्लाट्स में करने का प्रावधान किया गया है। ईडब्लूएस एलआईजी श्रेणी के पांच हजार भवनों में पचीस हजार से अधिक लोगों के लिए आवासीय सुविधा का प्रावधान किया गया है।***

**********

रामनौमी के दिन्ने अजोध्या धाम में आवे वाले सरधालुअन के उप्पर रामपथ पर ड्रोन के जरिये सरजू नदी के जल क फुहारा डारल जाई। ई जनकारी अजोध्या क जिलाधिकारी चन्द्र विजय सिंह आजु श्रीरामजनमोत्सव क पोस्टर रिलीज कइले के बाद मीडिया से बतियावत दिहलें। उहां के बतवलीं कि छौ अपरैल के प्रभु श्रीराम क जनमोत्सव धूमधाम से मनावल जाई। येह मौका पर सांस्कृतिक कार्यक्रम अउर भजन संध्यो क आयोजन कइल जाई।

**********

नवरातर में आजु माई दुर्गा क सतवां स्वरूप मां कालरात्रि क पूजा अर्चना कइल जा रहल हौ। येह मौका पर बनारस के मां कालिका गली में पूरा दिन्ने मां कालरात्रि देवी क दरसन–पूजन बदे सरधालुअन क भारी भीड़ि रहल।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ, अभिनेता अउर निर्देशक पद्मश्री मनोज कुमार के सरगबास पर सोक जतवले हवें। एगो सोसल मीडिया पोस्ट में मुख्यमंत्री कहलें कि मनोज कुमार क सरगबास कला अउर फिलिम जगत बदे अपूरणीय क्षति हौ। फिल्म अभिनेता क आजु भिन्नहीं सतासी बरिस के उमिरि में सरगबास हो गइल। मनोज कुमार भारतीय दर्सकन के कई गो यादगार फिलिम दिहले हवें, जेहमें उपकार, रोटी कपड़ा और मकान, क्रांति, शोर अउर पूरब और पश्चिम खास हौ।

**********

आईपीएल दुइ हजार पचीस क सोरहवां मैच आजु लखनऊ सुपर जायंट्स अउर मुंबई इंडियंस क टीमि के बिच्चे खेलल जाई। ई मैच लखनऊ के भारत रत्न अटल बिहारी वाजपेयी इकाना क्रिकेट स्टेडियम में संझा साढ़े सात बजे से होई।

**********

मौसम विज्ञान विभाग पूरबी उत्तर प्रदेस में आजु कहीं–कहीं हल्लुकाहे बरखा अउर गरज–चमकि बौछार परले क सम्भावना जतवले हौ। विभाग की ओरि से जारी दैनिक मौसम पूर्वानुमान बुलेटिन के मोताबिक येह अंचल में कुछु जगहिनि पर आजु वज्रपातो हो सके ला। सथहीं आवे वाले दिन में मौसम सुस्क रहले क सम्भावना जतावल गइल हौ।

**********